

# 2022 KI PA PATISIPAN VOTÈ YO



## CHÈCHE KONNEN KANDIDA YO

2-6

## GID POU PWOPOZE AMANNMAN KONSTITISYONÈL POU 2022

7

## REDESTRIKSYON - ETA SOLEÏ LA

8

Lig fanm votè yo nan Florida toujou ap travay chak jou san pran souf pou edike votè nan Florida yo chak lè gen eleksyon. Se ak fyète pou nou diw lig fanm votè yo pa gen fòs kote nou pa gen patizan, nou pap sipòte ni opoze ak okenn kandida oswa pati politik nan nenpòt ki nivo nan gouvènman, men nou toujou ap reflechi sou pwoblèm ki ap brase bil nou epi cheche jwenn repons pou nou bay manm nou yo ak piblik la.

Li se yon gwo onè pou prezantew an 2022 sa yon ti liv san patizan ki se pa nou kap gidew nan eleksyon jeneral Novanm sa a. Gid sa a se youn nan fason kle nou ka pataje enfòmasyon ki enpòtan sou kandida yo nan tout eta ak ki jan pou lague bilten vòt ou yo. Gid sa ap sèvi tou kòm yon resous pou asire tout moun prepare yo pou vote epi mete yo okouran tout chanjman nan lwa vòt eta nou an pase depi ane 2020 yan.

Tanpri sonje tout chanjman sa yo nan lwa Florid la ki ka afekte jan ou ap vote ane sa:

1. Bwat ki fèt pou lague bilten vòt yo epi ki gen sekirite yo pap disponib ankò 24 èdtan nan yon jounen sèt jou nan yon semèn jan sa te ye anvan. Bwat yo ap disponib sèlman pandan lè espesifik ki varye suivan konte yo. Floridyen kap travay nan de chif yon sel kou

## KI SE CECILE M. SCOON, ESQ., PREZIDAN LIG FANM VOTÈ YO KI NAN FLORIDA

- ou bien kap travay pandan lè biznis regilye dwe fè plan pou yo ranpli bilten yo epi siyenl pou al depoze bilten vòt yo nan lapòs pou yo rive jwenn sipèvizè lokal ou wa nan biwo eleksyon wan bò 7è di swa jou ki 8 novanm nan.
- Yon moun pap kapab kolekte epi lague plis pase de bilten ki siyen nan lapòs kòm yon volontè sòf si bilten vòt yo fè pati nan yon manm fanmi imedyà li. Nouvo dispozisyon sa a vle di ke anpil moun ti granmoun ak enfim ka pa kapab resevwa asistans nan poste bilten yo. Moun sa yo ap bezwen pou planifye pou depoze pwòp bilten yo osinon bay bilten vòt yo ak yon manm fanmi imedyà yo laguel pou li ka rive a tan.
- Lig la ak lòt òganizasyon yo pap kapab bay asistans konfò ankò nan yon distans 150 pye nan biwo vòt yo. Sa vle di ou pap ka jwenn dlo oswa ti goute pandan ou nan liy vòt yo nan Jou Eleksyon an. Nan anpil kote lig la ak lòt òganizasyon yo pral gen volontè prezan pou ede votè yo epi bay rafrechisman tou pre biwo vòt yo, pandan nap respekte 150-pye ya jan lwa mande sa
- Fè atansyon depi nenpòt moun ap ba ou pwoblèm nan yon biwo vòt lè wap vote. Rele

(1-866-687-8683) si ou panse ou ap fè eksperyans repwesyon oswa entimidasyon pandan wap jete bilten vòt ou. Pa soufri an silans!

- Si ou konnen nenpòt moun ki gen yon kondanasyon krim epi yo pa sèten si yo ka vote, tanpri mande yo rele Lig la pou asistans nan 407-710-5496 oswa imèl canivote@lwvfl.org pou nou ka refere yo ak yon espesyal avoka pou ede yo pi vit ke posib.

Nenpòt moun ki ka tcheke estati vòt yo kounye a ka vizite sit entènèt enfòmasyon eleksyon lig la: [Vote411.org](http://Vote411.org). Nan sit entènèt sa a wap kapab wè si gen nenpòt pwoblèm ak enfòmasyon pou vote, wap jwenn anpil detay tou nèf nan sa ki konsene eleksyon wan!

Lig fanm votè yo rete plis vijilan epi ap fè anpil efò pou edike, aktive, ak motive sitwayen yo pou konnen kijan pou yo vote. Si ou enterese nan ede nou nan mision nou an, tanpri rantre nan lig la pou ban nou èd paw. Demokrasi nou an mache men nan men ak patisipasyon pèp la. Nan tan sa pa dwe gen divizion politik, ann mete tèt nou ansanm antan Ameriken. Demokrasi se pa sèlman pou kèk moun, men se dwe nou tout. Se pou nou tout vote paske sa gen konsekans sou la vi nou, paske se vre!

## CHÈCHE KONNEN KANDIDA YO: SENA AMERIKEN AN

Konstitisyon Etazini an fè konnen ke Sena dwe gen 100 manm (de senatè nan chak eta). Yon tyè nan manm total ki nan Sena ap eli chak dezan. Senatè yo dwe gen omwen 30 tan laj, yo dwe se sitwayen ameriken nan peyi Etazini pou omwen nèf ane epi yo dwe yon rezidan nan eta yo soti nan moman eleksyon an. Senatè yo ekri epi vote an favè oswa kont tout lwa yo epi yo kapab sèvi nan komite politik divès kalite.

### Val Demmings, Demokrat

Sit wèb Kanpay: [valdemings.com](http://valdemings.com)

#### Ban nou de priyorite lejislatif ou pwal genyen pou tèm sa kap vini yo.

Nan nivo Sena, mwen pwal bay priyorite ak pwoblèm pifò fanmi Florid yo ap travèse tankou bese pri la vi ya, ki gen ladann pri gaz ak lojman, ak goumen pou fè kominote nou yo gen plis sekirite. Tout moun ta dwe travay di, jwe ròl pa yo, epi reyalize rèv Ameriken an, epi yo merite sa pou yo viv nan yon kominote ki gen sekirite. Kòm chèf lapolis Orlando, nou te rive diminye krim ak vyolans rive preske 40%, youn nan pi gwo rediksyon nan istwa vil la. Mwen konnen se yon travay ki pa fasil, ann goumen pou nou jwenn bagay sa yo rive fèt, se ekzakteman sa yo mwen pwal fè nan Sena Etazini ya.

#### Ki lwa, si pa genyen, ta dwe pase pou konbat move enfòmasyon ki pa bay moun konfyans nan demokrasi nou an?

Nou konnen ke nou bezwen rebati konfyans nan demokrasi nou an. Kòm yon ofisyè lapolis depi 27 tan, mwen konnen ki jan li enpòtan pou moun yo gen konfyans nan enstitisyon yo ki nan peyi nou an, konfyans jwe yon ròl enpotan anpil. Nan Sena Etazini yan, mwen pral travay pou rebati konfyans ak ankouraje moun yo pou kwè nan demokrasi nou an. Mwen pral sipòte lejislasyon pou konbat tantativ kap mal enfòmasyon votè yo epi fè tande vwa yo nan eleksyon nou yo, sekirize dwa pou yo vote, epi fè eleksyon nou yo plis aksesib pou plis sitwayen. Nou dwe kenbe Amerik nan pwomès li yo ak asire ke nou vrèman se yon gouvènman kap travay pou moun yo, epi ak moun yo.

#### Èske ou sipòte pasaj yon lejislasyon federal sou dwa vòt ki inik pou tout moun ka anrejistre epi gen aksè ak bilten vòt yo? Poukisa oswa poukisa ou pa dakò?

Zanmim ki se ansyen kolèg mwen John Lewis te di ke dwa pou vote te koute chè, e li prèske yon dwa ki sakre. Dwa pou vote se potò mitan demokrasi nou an e nou dwe fè tout bagay nan pouvwa nou pou pwoteje li. Kòm yon ofisyè lapolis, mwen te pase 27 tan ap ranfòse lwa yo, e kounye a map gen posibilite pou ekri yo. Nan Sena Etazini yan a mwen pral goumen pou pase lejislasyon dwa vòt inik pou tout moun ka anrejistre epi gen aksè ak bwat bilten vòt yo.

#### Èske ou wè chanjman nan klima kòm yon menas pou peyi a? Poukisa oswa poukisa ou pa dakò? Ki lwa kap mete yon fren nan chanjman klima ou pwal sipòte?

Mwen te pase 27 tan nan Depatman Lapolis Orlando, kwèm lè mwen diw ke mwen te jwenn anpil menas pou moun yo nan Florid e mwen te pran yo trè serye. Mwen kwè ke chanjman nan klima se yon ijans, e ke Florid ap peye yon pri ki wo anpil nan fòm siklòn, nivo lanmè ya kap monte pi plis ankò. Si nou pa aji, chanjman nan klima ap koute nou trillon dola nan domaj, pa sèlman nan Florid, men nan tout peyi an. Nan Sena Etazini a, mwen pral sipòte lejislasyon klima ki pwal kreye travay ak ogmante ekonomi nou an nan envesti nan nouvo teknoloji vèt ak lòt efò pou sispann chanjman nan klima ak prepare enpak li yo.



### Marco Rubio, Republiken

Sit wèb kanpay: [marcorubio.com](http://marcorubio.com)

#### Ban nou de priyorite lejislatif ou pwal genyen pou tèm sa kap vini yo.

Pa gen repons.

#### Ki lwa, si pa genyen, ta dwe pase pou konbat move enfòmasyon ki pa bay moun konfyans nan demokrasi nou an?

Pa gen repons.

#### Èske ou sipòte pasaj yon lejislasyon federal sou dwa vòt ki inik pou tout moun ka anrejistre epi gen aksè ak bilten vòt yo? Poukisa oswa poukisa ou pa dakò?

Pa gen repons.

#### Èske ou wè chanjman nan klima kòm yon menas pou peyi a? Poukisa oswa poukisa ou pa dakò? Ki lwa kap mete yon fren nan chanjman klima ou pwal sipòte?

Pa gen repons.

#### Èske ou sipòte pasaj yon lwa federal kodifye ki ap bay aksè a kontrasepsyon ak avòtman? Poukisa oswa poukisa ou pa dakò?

Pa gen repons.



### Remak enpòtan:

Reprezantan nan Lig fanm votè yo nan Florid kontakte kandida sa a atravè Imèl anpil nan sit entènèt kanpay yo ak pèsònèl kanpay yo. Plizyè apèl nan telefòn te fèt li pa gen okenn repons. Kandida sa a pa te soumèt okenn repons a kesyonè lig la nan moman piblikasyon sa. Tanpri ale nan [VOTE411.org](http://VOTE411.org) pou nenpòt dènye nouvel tou nèf.

#### Èske ou sipòte pasaj yon lwa federal kodifye ki ap bay aksè a kontrasepsyon ak avòtman? Poukisa oswa poukisa ou pa dakò?

Se sèlman yon bon lejislasyon federal kodifye kap rive pwoteje dwa nou. Nan Chanm Reprezantan an, mwen te goumen pou pase lejislasyon ki ta pwoteje dwa yon fanm pou chwazi epi kenbe vwayaj ant eta a pou moun k ap chèche repwodiksyon swen sante legal yo. Ekstremis anti-chwa vle itilize ofisyè lapolis nou yo pou mete nan prizon fanm yo ak doktè yo, olye pou yo eseye trake kriminel yo pito. Mwen te pase 27 tan nan lapolis, epi mwen pral goumen epi asirem ke ofisyè nou yo ka konsantre sou batay krim ak kenbe kominote nou yo an sekirite, pa vize fanm yo ak doktè yo. Mwen pwal toujou kanpe pou yon fanm nan dwa yo chwazi, ak goumen pou pase lejislasyon federal ki kodifye Roe ak aksè nan kontraseptif.



## CHÈCHE KONNEN KANDIDA YO: GOUVÈNÈ

Gouvènè a se yon ofisye konstitisyonèl ki eli e ki pi wo nan eta Florid. Yon gouvènè sèvi kòm chèf egzekitif ofisye yon eta. Travay li chak jou gen ladann sipèvi-zyon lidè egzekitif eta a, revizyon règ yo, osi byen jesyon bidjè ya. Li la pou 4 ane ak yon limit 2 tèm youn apre lòt. Salè 2021 Gouvènè a te \$134,181.

### Charlie Crist, Demokrat

Sit wèb Kanpay: [www.charliecrist.com](http://www.charliecrist.com)

#### Poukisa wap kouri pou pozisyon elektif sa? Ki de pwoblèm yo ki gen anpil atansyon sou ki, siw eli ou santi ou ka fè yon diferans?

Mwen ap kouri poum Gouvènè paske mwen se kandida ki ka defèt Gouvènè DeSantis. Mwen ap kouri poum retabli vwa moun yo nan Tallahassee, pou retabli vwa rezon ak sivilite nan gouvènman an, epi swiv règ an nòmal yo pou tout Floridyen yo jwenn respè ak diyite nan men gouvènè ya. Mwen ap kouri pou pwoteje libète nou yo, dwa pou fanm yo pran pwòp desizyon yo sou swen sante yo ak kò yo, dwa pou yo vote, ak dwa yo nan LGBTQ+ Floridyen.



### Ron DeSantis, Republiken

Sit wèb Kanpay: [www.rondesantis.com](http://www.rondesantis.com)

#### Poukisa wap kouri pou pozisyon elektif sa? Ki de pwoblèm yo ki gen anpil atansyon sou ki, siw eli ou santi ou ka fè yon diferans?

Pa gen repons.

#### Pa gen ase kay pou moun rete epi fanmi Florid yo ap souffri anpil ak yon ekonomi Florid ki limite. Ki mezi enpòtan ou sipòte pou adrese kriz kay sa kote tout moun ka jwenn yon la vi miyò?

Pa gen repons.



#### Pa gen ase kay pou moun rete epi fanmi Florid yo ap souffri anpil ak yon ekonomi Florid ki limite. Ki mezi enpòtan ou sipòte pou adrese kriz kay sa kote tout moun ka jwenn yon la vi miyò?

Mwen pwal retabli dè milya ki te detounen nan fon konfyans Sadowski ya epi tounen lajan sa nan pwogram kay kote moun ka jwenn yon soulajman, epi mwen pwal chache anilasyon yon lwa DeSantis te pran pou koupe nèt finansman nan fon sa an mwatye.

Mwen pwal nonmen yon moun ki konnen jan lojman fonksyone epi poul travay ak gouvènman lokal yo pou jwenn yon solisyon nan kriz kay sa kote tout moun ka jwenn yon la vi miyò. Mwen pwal trake tout konpayi ki nan Wall Street yo ki ap moute pri kay yo epi ede gouvènman lokal yo mete yon fren nan sa yap achte epi dokimante tout sa yo achete.

#### Kisa ou wap fè pou pwoteje anviwònman Florid la epi adrese chanjman nan klima?

Plan mwen se dlo pwòp ki gen ladann diminye tout vye dlo kap kouri nan ranfòse règleman ak pi bon pratik jesyon sou tè agrikòl, mete an aplikasyon rekòmasyon tout sa ki danjere ki te soti nan alg Bloom Task Force la, sipòte depo dlo ak restorasyon marekaj sou pwopriyete prive, retire tout vye Tank ak entèdi lòt tou nef nan zòn iben yo, epi tou nap finanse konplètman Depatman Pwoteksyon Anviwònman. Mwen pral mete 1 milyon dola sou kote pou nou ka konstwi nouvo twati solè epi travay sou pwojè anbisye enèji renouvlab yo.

#### Ki jan ou pral ogmante enskripsyon votè yo ak asire aksè bilten vòt la pou tout votè yo ki kalifye?

Mwen pral ranvèse limit DeSantis te mete sou bilten lapòs yo, pèmèt Florid otomatikman enskri nenpòt ki moun ki ap chèche yon lisans chofè, chanje eleksyon primè yo nan prentan pou ka ogmante vot yo, fè jou eleksyon wan jou ferye nan eta a, fè li pi fasil pou gouvènè a ak Kabinè li pou retabli dwa krim yo jan mwen te kònn fè sa kòm gouvènè, ak mande pou lejislasyon yo pèmèt moun ki pa komèt gwo kim e ki finn konplete santans yo nan enskri yo pou vote kòm jan amannman 4 la dil pandan yap kontinye peye amann, depans tribinal ak restitasyon.

#### Èske ou sipòte pasaj yon lwa federal kodifye ki ap bay aksè a kontrasepsyon ak avòtman? Poukisa oswa poukisa ou pa dakò?

Wi, paske fanm yo gen dwa pou yo pran pwòp desizyon swen sante yo. Nan premye jou administrasyon mwen an, mwen pral bay yon lòd egzekitif pou pwoteje dwa yo chwazi jan li te ye ya anba Roe v. Wade, epi mwen pral kòmanse ranmase siyati pou yon amannman konstitisyonèl efase nenpòt dout ke avòtman pwal rete legal nan Florid. Si DeSantis fè lejislasyon yo adopte lòt restriksyon nan Novanm nan, mwen pral mete veto sou chak lwa Repibliken yo jiskaske yo aboli.

#### Kisa ou wap fè pou pwoteje anviwònman Florid la epi adrese chanjman nan klima?

Pa gen repons.

#### Ki jan ou pral ogmante enskripsyon votè yo ak asire aksè bilten vòt la pou tout votè yo ki kalifye?

Pa gen repons.

#### Èske ou sipòte pasaj yon lwa federal kodifye ki ap bay aksè a kontrasepsyon ak avòtman? Poukisa oswa poukisa ou pa dakò?

Pa gen repons.

#### Anpil vyolans kap fèt ak zam nan moman sa mande pou pwan gwo aksyon. Ki lejislasyon wap sipòte pi byen pou pwoteje moun ki victim nan vyolans zam?

Pa gen repons.

### Remak enpòtan:

Reprezantan nan Lig fanm votè yo nan Florid kontakte kandida sa a atravè Imèl anpil nan sit entènèt kanpay yo ak pèsonèl kanpay yo. Plizyè apèl nan telefòn te fèt li pa gen okenn repons. Kandida sa a pa te soumèt okenn repons a kesyonè lig la nan moman piblikasyon sa. Tanpri ale nan [VOTE411.org](http://VOTE411.org) pou nenpòt dènye nouvel tou nèf.

#### Anpil vyolans kap fèt ak zam nan moman sa mande pou pwan gwo aksyon. Ki lejislasyon wap sipòte pi byen pou pwoteje moun ki victim nan vyolans zam?

Mwen sipòte tout sa kap fèt konsènan background chèk, lagwe a tè tout zam fantom ak trafik zam, egzije yon rapò nan zam ki pèdi oswa yo vòlè, entèdi vant zam atak, alonjman peryòd wap ap tann pou achte yon zam soti nan twa jou a senk Jou, ranfòse lwa kap entèdi pou fanmi ak manm nan kay la ka fè petisyon nan tribinal yo pou retire zam nan men tout moun ki ka komèt vyolans, ak pèmèt kominote lokal yo pran desizyon sou sekirite zam.



## CHÈCHE KONNEN KANDIDA YO: CHÈF OFISYE FINANSYE

Chèf Ofisye Finansye a (CFO) responsab pou sipèviz finans eta a: peye bòdwo, kolekte taks, siveyans investisman, ak odit ajans leta yo. Epi tou sèvi kòm eta a dife Marshal ak sipèviz asirans, bank yo, ak endistri fineray yo. Li la pou 4 ane ak yon limit 2 tèm youn apre lòt. Salè 2021 Gouvènè a te \$132,841.

### Adam Hattersley, Demokrat

Sit wèb Kanpay: [www.adamforflorida.com](http://www.adamforflorida.com)

**Poukisa wap kouri pou pozisyon elektif sa? Ki de pwoblèm yo ki gen anpil atansyon sou ki, siw eli ou santi ou ka fè yon dif-erans?**

Bay Sèvis se sa mwen fè anpil nan lavi pwofesyonèl mwen (Mwen gen plis pase yon dekad nan US la marine epim bay sèvis mwen nan Chanm Reprezantan Florid), Biwo CFO pa janm gen yon vrè sèvitè piblik ki okipe pozisyon sa depi Alex Sink fini tèm li. Sitwayen nan Florid yo bezwen yon ekspè nan kabinè ya ki pral defann enterè yo olye enterè yon pati politik ki fè yon sèl ak CFO wa. Gwo pwoblèm yo: Fè moun yo gen konfyans epi pran responsabilite yo nan gouvènman.

**Ki sa ou panse ki fè gen gwo kriz asirans pwopriyete sa nan Florid? Ki plan ou gen kòm CFO pou chanje sityasyon sa?**

Move règleman/regilatè, manke lwa lejislatif, epi biwo CFO wa pa pwoteje konsomatè yo. Nou bezwen yon komisyonè asirans ki gen yon bon fòmasyon nan asirans, epi ki la pou pwoteje enterè konsomatè yo. Anplis de sa nou dwe korije règleman aktyèl yo fè Florid gen plis atirans pou konpayi asirans yo ak konsomatè yo benefisye nan endistri sa, ak fason sa a nou ka fè lòt founisè tounen nan eta, diminye risk yo, ogmante konpetisyon, ak diminye pousantaj pou moun ki gen kontra.

**Ki sa ou panse ki ta dwe fè pou estabilize bisnis kay ak asirans epi batay kont dezans anvionman, tankou siklòn, inondasyon ak dife?**

Gade kisa lòt eta yo ki nan menm zòn risk yo te fè epi jan yo reyisi nan sa, epi aplike bon jan règleman. Prèske tout lòt eta sid yo fè fas a menm risk siklòn tankou Florida, men nou se sèl eta ki nan yon kriz asirans. Nou pa bezwen pè pou adopte règleman epi bay lide tou nèf kap travay ki pa lide ki soti nan biwo CFO wa.

**Pandemi COVID-19 montre a klè gwo pwoblèm nan sistèm chomaj Florid la, nan de aspè konpansasyon teknik ak monetè. Kisa ou pwal fè pou ranje de pwoblèm sa yo?**

Re-konsepsyon sistèm nan soti depi anba pou moute ak benefisye nan tèt yo, olye de sistèm aktyèl la (ki se yon baraj nan asistans).

**Identifye ki amelyorasyon ou pral fè nan Konsèy Administrasyon Eta a.**

Pa Pran okenn pozisyon politik ki gen patizan ladanl nan pwosesis desizyon yo kòm egzanp, FL ta kapab divize nan konpayi Ris nan kòmansman envazyon an Ikrèn. Olye de sa, SBA pran pozisyon pou Larisi (e an reyalyte ki ogmante investisman yo) menm kant gen prèske 90% pèt - sèlman paske Demokrat yo te mande pou yo pa investi.



### Jimmy Patronis, Repibliken

Sit wèb Kanpay: [www.joinjimmy.com](http://www.joinjimmy.com)

**Poukisa wap kouri pou pozisyon elektif sa? Ki de pwoblèm yo ki gen anpil atansyon sou ki, siw eli ou santi ou ka fè yon dif-erans?**

Pa gen repons.

**Ki sa ou panse ki fè gen gwo kriz asirans pwopriyete sa nan Florid? Ki plan ou gen kòm CFO pou chanje sityasyon sa?**

Pa gen repons.

**Ki sa ou panse ki ta dwe fè pou estabilize bisnis kay ak asirans epi batay kont dezans anvionman, tankou siklòn, inondasyon ak dife?**

Pa gen repons.

**Pandemi COVID-19 montre a klè gwo pwoblèm nan sistèm chomaj Florid la, nan de aspè konpansasyon teknik ak monetè. Kisa ou pwal fè pou ranje de pwoblèm sa yo?**

Pa gen repons.

**Identifye ki amelyorasyon ou pral fè nan Konsèy Administrasyon Eta a.**

Pa gen repons.



### Remak enpòtan:

Reprezantan nan Lig fanm votè yo nan Florid kontakte kandida sa a atravè Imèl anpil nan sit entènèt kanpay yo ak pèsònèl kanpay yo. Plizyè apèl nan telefòn te fèt li pa gen okenn repons. Kandida sa a pa te soumèt okenn repons a kesyonè lig la nan moman piblikasyon sa. Tanpri ale nan [VOTE411.org](http://VOTE411.org) pou nenpòt dènye nouvel tou nèf.



## CHÈCHE KONNEN KANDIDA YO: PWOKIRÈ JENERAL

Pwokirè Jeneral la se chèf ofisyè lapolis nan eta a, ki responsab pou ranfòse lwa yo, pwoteje konsomatè yo, pwoteje dwa sivil, ak defann eta a nan aksyon tribinal. Se youn nan twa ofisyèl eli yo ki fè kabinè gouvènè a. Li la pou 4-ane ak yon limit nan 2 tèm youn apre lòt. Salè li an 2021 te \$132,841.

### Aramis Ayala, Demokrat

Sit wèb Kanpay: [www.aramisayala.com](http://www.aramisayala.com)

#### Poukisa wap kouri pou pozisyon elektif sa? Ki de pwoblèm yo ki gen anpil atansyon sou ki, siw ell ou santi ou ka fè yon diferans?

Dwa fondamantal Floridyen yo te atake ak gwo kòporasyon ki kontinye ap fè kòripsyon. Nou bezwen yon moun ki ka goumen, kòm pwochen pwokirè jeneral nan Florid mwen pral goumen pou pwoteje dwa konstitisyonèl nou yo, bati kominote ki pi an sekirite, epi etabli yon ekonomi ki ap travay pou tout moun. Lèm eli mwen pral fè yon diferans imedyata pwoteje dwa fanm yo ak otonomi kòporèl yo. Mwen pral asire tou ke dwa vòt nou yo pwoteje ak demokrasi nou an pa sèlman kontinye viv, men pwospere.

#### Èske wap pwomèt kenbe amannman konstitisyonèl ke votè yote te apwouve yo? Mwen ap sipòte sa

#### Kontravensyon yo lòt frè sistèm nan ki pa ekilibre e kigen enpak sou moun ki gen koulè ak moun kap viv nan povrete. Ki sa ou pral pwopoze pou chanje sitiyasyon sa a?

Wi. Kòm yon ansyen asistan defandè piblik, asistan avoka pou leta ak avoka leta ki eli mwen se premye temwen sitiyasyon sa ki tout bon vre gen enpak sou nwa, mawon, ak moun ki pòv yo. Nou dwe kòmanse adrese pratik danjere sa ki elimine sispansyon lisans chofè ki baze sou echèk nan peye amann tribinal la. Anplis de sa, jenn yo ta dwe egzante de frè sa yo nan lòd pou fè yo rete anpil tan nan prizon souvan ki pa gen rapò ak krim vyolan.

#### Ki jan ou pral ranfòse Florida Sunshine Law ak Public Records Law pou asire moun gen dwa nan reyinyon gouvènman fè anpiblik epi gen aksè ak dosye yo?

Ranfòsman Florida Sunshine Law ak Public Records Law dosye piblik yo dwe konsistan. Chak lè gen echèk lè wap investigate epi gen problem tou nan jan wap fè ranfòse lwa a sa se pa yon bon mesaj li ye. Jistis mande pou konsistan. Kòm Pwokirè Jeneral mwen pral ankouraje lejislasyon ki ogmante kòb kontwavansyon pou vyolasyon Florida Sunshine Law ak Public Records Law yo. Ogmanje kòb kontwavansyon yo ap voye yon mesaj klèki pwouve nou menm investigatè yo ak komisè yo pap jwe ak moun ki ap eseye vyole lwa yo.

#### Ki jan ou pral evalye travay ajan espesyal yo ki la pou mennen ankèt sou swadizan vyolasyon lwa eleksyon yo si genyen epi asire ke gen transparans nan rezilta yo nan bay piblik la?

Li pral enpòtan pou nou tande tout sa ki di epi enkli ofisyèl eleksyon lokal yo nan pwosesis la. Yo deja pran seryezman travay yo genyen nan bay moun ki nan Florid satisfaksyon, pwoblèm manifaktire pa vreman inkiète nou.

Efikasite a pwal baze sou konpare aktivite ankèt yo, nap chèche konsistans ki pa gen pratik diskriminatwa ladanl. Pandan tan mwen ap fè ya, biwo mwen an ap rete yon antite distenk pou ke rezilta nou yo endepandan epi yo pa pral mande pou apwobasyon nan yon lòt ajans.



### Ashley Moody, Repibliken

Sit wèb Kanpay: [www.ashleymoody.com](http://www.ashleymoody.com)

#### Poukisa wap kouri pou pozisyon elektif sa? Ki de pwoblèm yo ki gen anpil atansyon sou ki, siw eli ou santi ou ka fè yon diferans?

Pa gen repons.

#### Èske wap pwomèt kenbe amannman konstitisyonèl ke votè yote te apwouve yo?

Pa gen repons.

#### Kontravensyon yo lòt frè sistèm nan ki pa ekilibre e kigen enpak sou moun ki gen koulè ak moun kap viv nan povrete. Ki sa ou pral pwopoze pou chanje sitiyasyon sa a?

Pa gen repons.

#### Ki jan ou pral ranfòse Florida Sunshine Law ak Public Records Law pou asire moun gen dwa nan reyinyon gouvènman fè anpiblik epi gen aksè ak dosye yo?

Pa gen repons.

#### Ki jan ou pral evalye travay ajan espesyal yo ki la pou mennen ankèt sou swadizan vyolasyon lwa eleksyon yo si genyen epi asire ke gen transparans nan rezilta yo nan bay piblik la?

Pa gen repons.

#### Anpil Floridyen yo konsène lè yo viktim nan fwod konsomatè oswa vòl idantite. Ki pwoteksyon adisyonèl, si genyen, ou pral pouswiv kòm Pwokirè Jeneral?

Pa gen repons.

### Remak enpòtan:

Reprezantan nan Lig fanm votè yo nan Florid kontakte kandida sa a atravè Imèl anpil nan sit entènèt kanpay yo ak pèsònèl kanpay yo. Plizyè apèl nan telefòn te fèt li pa gen okenn repons. Kandida sa a pa te soumèt okenn repons a kesyonè lig la nan moman piblikasyon sa. Tanpri ale nan [VOTE411.org](http://VOTE411.org) pou nenpòt dènye nouvel tou nèf.

#### Anpil Floridyen yo konsène lè yo viktim nan fwod konsomatè oswa vòl idantite. Ki pwoteksyon adisyonèl, si genyen, ou pral pouswiv kòm Pwokirè Jeneral?

Youn nan premye bagay mwen prepare pou lanse lè mwen rantre an fonksyon se mete sou pye yon inite ankèt ki konsantre sou pratik konpayi asirans yo nan Florid. Nou pa sèlman fè fas a prim asirans segondè ki wo men anpil moun peye pou pwoteksyon pou ane, sèlman yo wè konpayi yo leve epi fèmen pòt yo. Sa vinn lakòz anpil moun Florida peye kòb pou fwod. Si nou konsantre sou enjistis ekonomik yo sa ap bannou plis libète epi ak jistis pou tout moun.



## CHÈCHE KONNEN KANDIDA YO: KOMISYONÈ AGRIKILT

Komisyonè Agrikilti a pwoteje piblik la atravè tès ak enspeksyon nan pwodwi manje, règleman nan pratik biznis mansonjè ak malonèt, rediksyon nan dife, pwomosyon nan pratik anviwònman an ki an sekirite agrikòl, ak jesyon nan tè piblik. Komisyonè a tou sipèvize epi bay lekol vokasyonel yo lisans eta a epi reglemante moun kap pote zam afe. Li la pou 4-ane ak yon limit nan 2 tèm youn apre lòt. Salè li an 2021 te \$132,841.

### Naomi Blemur, Demokrat

Sit wèb Kanpay: [naomiblemur.com](http://naomiblemur.com)

#### Poukisa wap kouri pou pozisyon elektif sa? Ki de pwoblèm yo ki gen anpil atansyon sou ki, siw eli ou santi ou ka fè yon diferans?

Kòm pitit fi kiltivatè yo, yon avoka nan kominote a, yon pwopriyete biznis lokal ak yon manman, mwen ap kouri paske nou bezwen yon lidè fò nan Tallahassee ki pwal defann ti fèmme yo, dlo pwòp, enèji renouvlab ak dirab, ak yon pi bon anviwònman pou fanmi nou yo ak timoun yo. De kòz ki pi enpòtan pou mwen yo se kreye agrikilti kominote ak defann pou ti fèmme yo jwenn aksè nan kapital la.

#### Ki etap ou pwal pran pou adrese ensekirite alimantè?

Mwen vle analize sa eta nou an kapab pwodwi ak kreye plis ouvèti sou yon agrikilti ki chita nan kominote a. Kòm yon komisyonè nan agrikilti, mwen pwal bati yon agrikilti kap bay anpil manje ki pral pèmèt fanmi yo atravè eta pwodi pwòp fwi yo ak legim. Mwen pwal defann tout bagay sa yo epi sipòte devlopman fanmi ki posede ti biznis yo.

#### Ki sa ou panse ki pwoblèm kle pou konsomatè Florid yo, ak ki lide ou gen pou chanje divizyon sèvis konsomatè yo?

Fanmi yo ak moun yo vinn pa kapab achte kay ankò se pi gwo pwoblèm konsomatè yo ap fè fas nan Florid, Nou mete moun yo nan yon anviwònman kote pa gen bon jan lwa ki reglemante lwaye kay. Anplis de sa twòp zam afe ap sikile nan men moun ki pa ta dwe gen yo akòz pa gen bon jan règleman. Se bagay sa yo map gen poum chita sou yo an premye. Mwen pwal batay tou pou yon lwa sou lokatè ak vet yo nan tout eta epi kreye diskisyon sou aplikasyon lisans zam paske lavi nou depann de sa.

#### Ki pwoblèm ki pi enpòtan Florid ap fè fas nan agrikilti ak forè yo? Tanpri eksplike poukisa li enpòtan.

Sechrès, pwoteje pwodwi ak sante mantal kiltivatè nou yo. Mache nou yo bezwen pwoteje kiltivatè nou yo epi redwi konsomasyon pwodwi lòt peyi yo konsantre nou sou sa nou ka pwodwi. Sechrès yo afekte bèt ak sante mantal kiltivatè yo ki lakòz yon ogmantasyon nan to swisid; Sa a se yon pwoblèm nou poko janm chita sou li epi ki afekte endistri agrikilti nou an.

#### Ki mezi ou pwopoze pou pi byen jere sistèm agrikòl la, angrè ak lòt mikwòb ki kontribye nan kraze tout plant nou yo epi ki redwi bon jan kalite dlo nap bwè?

Mwen pwal batay pou investi nan resiklaj dlo ak rekoleksyon. Mwen pral fè pati yo pran responsabilite yo pou dlo wa yo kontamine, jwenn moun ki ekspè yo epi fè yo edike kiltivatè yo sou pi bon pratik pou anpeche mikwòb antre nan tè ya ak dlo kap koule.



### Wilton Simpson, Republiken

Sit wèb Kanpay: [www.wiltonsimpson.com](http://www.wiltonsimpson.com)

#### Poukisa wap kouri pou pozisyon elektif sa? Ki de pwoblèm yo ki gen anpil atansyon sou ki, siw eli ou santi ou ka fè yon diferans?

Pa gen repons.

#### Ki etap ou pwal pran pou adrese ensekirite alimantè?

Pa gen repons.

#### Ki sa ou panse ki pwoblèm kle pou konsomatè Florid yo, ak ki lide ou gen pou chanje divizyon sèvis konsomatè yo?

Pa gen repons.

#### Ki pwoblèm ki pi enpòtan Florid ap fè fas nan agrikilti ak forè yo? Tanpri eksplike poukisa li enpòtan.

Pa gen repons.

#### Ki mezi ou pwopoze pou pi byen jere sistèm agrikòl la, angrè ak lòt mikwòb ki kontribye nan kraze tout plant nou yo epi ki redwi bon jan kalite dlo nap bwè?

Pa gen repons.

### Remak enpòtan:

Reprezantan nan Lig fanm votè yo nan Florid kontakte kandida sa a atravè Imèl anpil nan sit entènèt kanpay yo ak pèsònèl kanpay yo. Plizyè apèl nan telefòn te fèt li pa gen okenn repons. Kandida sa a pa te soumèt okenn repons a kesyonè lig la nan moman piblikasyon sa. Tanpri ale nan **VOTE411.org** pou nenpòt dènye nouvel tou nèf.

### Tribinal Siprèm Florid la

Lig fanm votè yo nan Florid kwè yon sistèm jidisyè endepandan gen anpil enpòtans nan sistèm jistis la nan nivo federal la, ak eta yo, epi lokal yo. Nan Florid, Gouvènè Tribinal Siprèm ak Tribinal Apèl yo se Gouvènè a ki nonmen yo nan yon lis kandida kote se yon komisyon nominasyon ki mete yo ansanm. Bar Florid la te pibliye yon sondaj sou manm li yo pou konnen si wi ou non jij sou bilten vòt la ta dwe kenbe.

Ou ka jwenn Sondaj la nan lyen sa a: <https://bit.ly/3sprw9>

# Gid pou pwopoze amannman konstitisyonèl pou 2022

## Amannman 1

Limit sou ogmantasyon pri pwopriyete pou rale yon souf lè gen inondasyon

Sous: Lejislati Florid

**Yon Rezime rapid:** Anpil kay ki rive fè renovasyon epi sa tou ogmante valè yo, ki vle di pwopriyete kay yo vinn peye anpil taks sou pwopriyete ya. Amannman sa a ta pèmèt branch lejislati Florid la poul pase lwa ki ta fè amelyorasyon ki gen entansyon pwoteje kay yo kont domaj inondasyon vinn jwenn valè kay yo vinn pi wo. Amannman se yon repons dirèk ak menas nan kay yo nan Florid chak lè nivo lanmè ya monte.

### YON VOT “WI” SOU AMANNMAN 1 YAN TA:

- Otorize branch lejislati Florid la pou pase lwa ki pou egzante toute kay yo ki renove epi gen anpil chans pou ta inonde alòske vale pwopriyete sa yo vinn ogmante. Sa vle di pou mèt pwopriyete kay sa yo pa ta peye anpil taks menm si ta gen renovasyon ki fet nan yo.
- Egzante kay yo ki renove a kòz inondasyon tankou elevasyon estrikti, ranpli sousòl, resistans ak dlo, tankou renovasyon pou pèmèt pou dlo lapli ekoulman, resistans sousòl anba dlo, enstale tiyo chèk ki kapab anpeche dlo wa tounen, ak elve founo, aparèy chofaj, ak panno elektrik.
- Gen pou kòmanse 1 Janvyè, 2023.

### YON VOT “NON” SOU AMANNMAN 1 YAN TA:

- Ap kenbe bagay yo menm jan, ki vle di pwopriyete kay ki fè renovasyon yo menm si gen inondasyon ki fèt kapap toujou peye anpil taks paske valè pwopriyete ya ogmante.



## Amannman 2

Aboli Komisyon Revizyon Konstitisyon Eta a (CRC)

Sous: Lejislati Florid

**Yon Rezime rapid:** Yon amannman nan Konstitisyon Florid la ka jwenn sou bilten vòt la plizyè fason, ki gen ladann yon vòt nan branch lejislati a, epi nenpot sitwayen kapab pran tet fè yon petisyon pou sa, yon lòt bò konvansyon konstitisyonèl, taksasyon an ak Komisyon Refòm Bidjè ak Komisyon an Revizyon Konstitisyon Florid (CRC), ki konvoke chak 20 tan epi ki gen 37 manm yo Gouvènè a nonmen, lidè lejislatif yo ak chèf jistis nan Tribinal Siprèm Florid la. Amannman sa a ta aboli CRC a, ki dènye konvokasyon yo te fè nan 2017-18 epi yo mete uit amannman sou bilten vòt la 2018, plizyè amannman diferan ap yon sèl kesyon nan bilten vòt. Lig la jwenn li enpòtan pou fèw sonje ke amannman sa a vini apre plizyè tantativ repete ke branch lejislati eta a siyifikativman te mete restriksyon sou sitwayen Florid yo ki te pran inisyativ sa.

### YON VOT “WI” SOU AMANNMAN 2 YAN TA:

- Elimine Komisyon Revizyon Konstitisyon an, ki te kreye nan 1968 epi ki rankontre chak 20 tan pou konsidere chanjman nan Konstitisyon Eta a.
- Bay kat fason pou yon amannman konstitisyonèl ka fèt sou bilten vòt la: ki se branch lejislati a, epi yon sitwayen ki vle pran inisyativ sa, epi konvansyon konstitisyonèl la, oswa taksasyon ak komisyon refòm bidjè.

### YON VOT “NON” SOU AMANNMAN 2 YAN TA:

- Prezève Komisyon Revizyon Konstitisyon Eta ak kapasite li nan prezante amannman bay votè yo chak 20 tan.



## Amannman 3

Nouvo egzanpsyon \$50,000 pou moun ki gen kay epi anplwaye nan sèvis piblik

Sous: Lejislati Florid

**Yon Rezime rapid:** Amannman sa a ap otorize branch lejislati eta kreye yon lòt egzanpsyon tou nèf pou moun ki gen kay jiska \$50,000 pou kèk anplwaye ki nan sèvis piblik, ki gen ladann “pwofesè ki nan klas, ofisyè lapolis, ofisyè koreksyonèl, ponpye, teknisyen ijans medikal, paramedik, sèvis byennèt timoun pwofesyonèl, manm devwa aktif nan Fòs Ame Etazini, ak manm nan Gad Nasyonal Florid la.” Egzanpsyon an vle di mèt pwopriyete ki nan pwofesyon sa yo ka fè soustraksyon jiska \$50,000 nan valè pwopriyete yo, ki pral diminye bòdwo taks lokal pwopriyete yo. Egzanpsyon an pwal bay yon ti kòb anplis ke \$50,000 ak moun ki gen kay nan Florid te deja jwenn sou rezidans prensipal yo. Egzanpsyon tou nèf sa pap ka aplike nan evalyasyon pou taks lekòl yo. Branch Lejislati a te deja pase yon “companion bill”, si amannman konstitisyonèl la vote ak 60% nan Florid sa pral kreye yon lòt egzanpsyon tou nèf kap rantrè an aplikasyon 1 Janvyè 2023.

### YON VOT “WI” SOU AMANNMAN 3 YAN TA:

- Pèmèt branch lejislati a kreye yon lòt egzanpsyon tou nèf pou moun ki gen kay jiska \$50,000 ki nan sètèn sèvis pwofesyon piblik
- Eskli egzanpsyon nan evalyasyon pou taks sou pwopriyete lekòl yo.
- Sa ap koute gouvènman lokal yo yon pèt \$85.9 milyon dola nan revni yo pou ane fiskal 2023-24, ki ap kontinye ogmante a \$96 milyon dola nan ane fiskal 2026-27. Eta Florid ap elimine pèt yo nan Florida’s 29 “fiscally constrained” konte yo, prensipalman konte ki nan zòn riral ak anndan Panhandle Sid Florid la.
- Deklanche yon espesyal bill kap kapab mete yon egzanpsyon tou nèf kap rantrè an aplikasyon 1 Janvyè 2023.

### YON VOT “NON” SOU AMANNMAN 3 YAN TA:

- Si ou pa dakò sa ap bay lejislati yo kapasite pou kreye yon lòt egzanpsyon tou nèf pou moun ki gen kay jiska \$50,000 ki nan sètèn sèvis pwofesyon piblik.
- Pap gen okenn efè sou revni taks sou pwopriyete gouvènman lokal yo rive kolekte.
- Mete plis diskisyon sou lwa sa ki ta pwal kreye yon egzanpsyon tou nèf pou moun ki gen kay si amannman an ta pase.

# Redestriksyon - eta solèy la

Depi eleksyon 2020 yan, branch lejislati eta Florid la te pibliye anpil mezi ki gen enpak sou ki jan Floridyen yo ka vote ak ki jan yo ka fè tande vwa yo. Youn nan fason sitwayen Florid yo ka fè tande vwa yo se nan pale oswa pa pale nan mete an plas yon pwosesis redekoupaj.

**Redekoupaj** se pwosesis pou fè desen tou nèf kat distri pou eta yo ak kominote lokal yo. Pou detèmine ki katye, vil yo, ak lòt jiridiksyon ke yo ajoute nan chak fwontyè ki trase pou sa, redekoupaj afekte ki jan kominote nou yo reprezante nan gouvènman federal, eta, ak lokal yo, menm jan tou detèmine ki jan resous yo distribye. Liy redekoupaj yo trase chak 10 zan apre konklizyon resansman ki fèt chak 10 zan. Branch Lejislati eta yo gen responsablite ak kat tou nèf ki retrace ya nan eta sa yo pou pran an chaj distri kongrè la chanm ak distri Sena yo. Rezilta resansman an detèmine kantite reprezantan chak eta ap resevwa nan Kongrè Ameriken an. Rezilta yo nan resansman an 2020 montre ke popilasyon Florid la vinn grandi, Sa vinn fè eta nou an jwenn yon lòt reprezantan an plis nan chanm kongrè ya, sa vinn bay Florid 28 reprezantan ki soti nan 435 an total.

Men tèm klè yo ki gen rapò ak pwosesis nan redekoupaj tout votè yo ta dwe konnen:

- **Manipilasyon elektoral** se pwosesis redekoupaj elektoral kote yo fè lis enrejistreman ki favorize yon pati politik sou yon lòt, ki fè mal anpil nan minorite rasyal ak lang minorite ya.

- **Epapiye votè** se yon lòt fason pou manipile eleksyon. Epapiye votè se yon estrateji moun ki ap trase kat jeyografik itilize pou votè yo - moun ki sòti nan yon pati espesifik, ras, oswa gwoup lang - epi gaye yo nan mitan plizyè distri, pou kreye magouy nan votè yo.

- **Egzanp Epapiye votè:** Si yon distri te gen 60% minorite rasyal, ki fè votè yo eli yon reprezantan ak 60%. Epapiye votè yo vini fè yon jwèt nan trase kat jeyografik la kote yo mete 25% minorite rasyal nan yon sèl distri ak 35% nan yon lòt, epi kreye konfisyon nan minorite rasyal yo pou chwazi yon reprezantan ki ka satisfè bezwen yo.

- **Anpile** se yon lòt jan pou fasilite manipilasyon nan eleksyon. Pratik sa se lè manm nan yon pati politik, ras oswa lang minorite yo tout gonfle kò yo



nan yon sèl distri yo sèlman jwenn yon reprezantan yo chwazi alòske si yo te divize kò yo nan gwoup minorite yo ta kapab chwazi de reprezantan ki nan lide yo.

- **Egzanp Anpile:** Nan kèk zòn, li ta pran alantou 48% nan yon gwoup minorite yo chwazi yon reprezantan ki nan lide yo. Lè yo mete 90% nan gwoup minorite a nan distri sa a, tout vote ki plis pase 48% yo gaspiye, menm jan yo pa jwenn yon reprezantan adisyonèl. Li ta pi bon pou kite 48% nan yon sèl distri epi mete 42% nan pwochen distri a pou minorite yo gen opòtinite pou chwazi de reprezantan yo vle yo.

- Nan Florid, pèp la gen dwa pou yo pwopoze amannman nan Konstitisyon eta Florid la nan yon pwosesis petisyon, souvan ke yo rekonèt kòm inisyativ sitwayen. Moun kap sipòte inisyativ sa yo dwe jwenn kantite siyati ki nesèsè epi ki valab pou inisyativ sa rive mete sou yon bilten nan eleksyon jeneral. Inisyativ sitwayen yo reflète priyorite pèp la, se pa zafè politisyen yo.

## Istwa ki gen rapò ak refe kat jeyografik Eta Florid la

- Nan 2010, sou inisyativ sitwayen ki nan eta Florid yo ki te vote a linanmite lwa Fair Districts Amendments an nan konstitisyon eta sa pou ka enpoze tout vye abi nan fè manipilasyon nan eleksyon ak diskriminasyon ki konn fèt nan kat jeyografik la.

Fair Districts Amendments te soti nan sousi volonte sitwayen yo gen chak jou pou mande branch lejislati la trace yon lòt liy ki redekoupe kat jeyografik la.

- Nan 2012, lejislati Eta Florid la te pwomèt piblikman pou mete an aplikasyon tout sa ki nan Fair District Amendments. Olye de sa yo kraze pwomès yo, yo tou profite entansyonèlman vyole tout sa ki nan Fair District Amendments di epi yo trase liy enjistremman nan avantaj yo pou favorize pati ki an majorite ya epi yo tou profite limite pouvwa votè nwa yo nan Florid. Lig fanm votè yo nan Florid ak lòt òganizasyon sivik yo akòz de sa rele nan tribinal branch lejislati Florid la sou zak malonèt sa yo fè yon ti tan apre yo finn vote lwa sa. Apre anpil ane nan tribinal, branch lejislati Florid la admèt nan tribinal ke li te vyole amannman epi li te ilegalman trase liy yo nan favè yon pati sou lòt la. Tribinal Siprèm Florid la ranfòse epi tou fè respekte dispozisyon ki endike nan Fair Districts Amendments yo epi pwoteje votè tout moun kelke swa ras ou ak lang ou pale ki souvan an minorite.

- Nan 2019, Tribinal Siprèm Etazini an, nan ka *Rucho v. Common Cause* pran kòm yon egzanp Florida's Fair Districts' Amendments pou lòt 49 eta yo swiv nan lwa yap adopte yo entèdi manipilasyon nan eleksyon.

- Nan 2022 sa, Lig fanm votè yo nan Florid ak lòt gwoup yo ap batay anpil pou fè respekte tout sa ki di nan Fair District's provisions wan. Malerezman nan sa nou wè nan lig la branch lejislati a echwe pou ta fè respekte dispozisyon ki nan Fair District's provisions wan. Lig la ansanm ak lòt gwoup kap goumen pou tout moun gen dwa pou vote tankou Equal Ground, Black Voters Matter, ak Florida Rising mete ak lòt ankò pote plent nan tribinal pou bloke jan yo trace kat kongrè 2022 ya. Lig la ak lòt pleyan yo nan pwosè a ap mande tribinal la pou yo bloke kat jeyografik la ki te dekrete nan sezon prentan 2022 ya ak kreyasyon yon lòt kat tou nèf ki konfòm ak amannman ki jis suivan Fair Districts Amendments ak la. Sepandan, kat jeyografik la ki te dekrete nan prentan 2022 ap aplike kounye nan eleksyon 8 Novanm nan sa bay anpil problem paske sa devan yon tribinal pou kounye ya.